
# KERENE

# YEKUTANGA

Louis Rushmore



.

**Kereke Yekutanga**

Louis Rushmore

Kereke yekutanga yakavakwa naJesu Kritsu muJerusarema, yakatangwa makore anotarisirwa kusvika 2000. Nenguva iyi Kritsu aiva panyika achiparidza anoti, " *Neni ndinoti kwauri ndiwe Petro, pamusoro poruware urwu ndichavaka kereke yangu, masuvo eHedhesi haangaikundi".* (Mateo 16:18). Akavimbisa kuvaka **KEREKE IMWE - KEREKE YAKE**.

Kereke isina kuvakwa nezvivakiso zvenhando. Haina kuvakwa nemiti kana mabwe, kana simbi. Kereke yaIshe wedu yakavakwa NEMABWE OMWEYA. Jesu mbune ari nheyo (1 VaKorinte3:11). Uye dombo repakona (1 Petro 2:6; Mabasa 4:11). maKritsu ndiwo mamwe emabwe akavakiswa kereke yaIshe (1 Petro 2:5). Nokudaro, avo vakaponeswa, ( vanova maKritsu) vanovedzerwa mukereke naIshe wedu. (Mabasa Avapotsora 2:47). Mabasa Avapotsora 2, inotaura kuzvarwa kwekereke. Dzimwe ndima dzirimubhuku raMabasa Avapotsora dzinotaridza kuvedzera kwakazoita masangano aKritsu. Uko kwese kwaifambwa kuchiparidzwa, evangeri yaKritsu makereke aivabwa. Testamente Itsva yakanyorwa kuti idzidzise shoko raMwari. Kune zana ramakore, kungori nekereke imwechete panyika. Iyoyo kereke yaIshe vedu, inotsanangurwa mubhaibheri kunzi " Kereke yaMwari" ( 1 VaKorinte 1;3), "Imba yaMwari"(1 VaKorinte 1:2). Uye masangano aKritsu" (VaRoma 16:16). Catholic ( A.D. 606), Lutheran (A.D. 1530), Episcopal (A.D. 1534),

Presbyterian (A.D.1536), Baptist (A.D. 1611), Methodist (A.D. 1739), mamwe ose makereke, avanhu, anemazita avanhu, haako. Kereke imwe neimwe yaIshe, yaizvimirira, kubva muneimwe. Asi kuti masangano anoungana achinamata pamwechete, vachinamata maringe neTestamente Itsva. Zvakare, Sangano rimwe nerimwe richitungamirwa nevaTariri vepasangano rimwe nerimwe ( Titus 1:5-9, vaTariri ava vanogona kudanwa futi kuti maBishopi, 1 Timotio 3:1-7, Vafudzi; VaEfeso4:11; uye VaTariri nevabati; 1Petro 5:1-4). Varume ava vaisarudzwa maringe nezvairehwa neshoko kuti vashande mumasangano avanonamata vari, Sangano rinofanirwa kuva nevatariri vaviri kana kupfuura. Vadhikoni vanosarudzwa zvakare mumasangano zvichienderana nezvinodikanwa neshoko raMwari. ( 1 Timotio 3:8-15). Varume ava vanofanirwa kushandira zvido zvekereke. ( Mabasa 6: 1:6), vaparidzi, (1 Timotio 4:2; VaRoma 10:13-15), uye vadzidzisi ( VaEfeso 4:11, VaHeberu 5:12) kudzidzisa Sangano rimwe nerimwe.

Kwemakore akawanda inongoramba iri **KEREKE IMWE**, Sangano rimwe nerimwe rakazvimira, richizvimirira kubudikidza nedzidziso dzeTestamente Itsva, ichichengetedzwa, ichitariswa nevaTariri, ichishandirwa neMadhikoni kana kuti vabati, yodzidziswa nevaparidzi nevadzidzisi. Kereke imwe neimwe ichinamata nenzira dzakafanana uye dzakafanira, ( 1 VaKorinte 16:1,2; Mabasa 20:7, VaKorose 3:16).

Nokudaro mamwe masangano avekutanga kusiya dzidziso dzeTestamente Itsva, vachida dzidziso dzavanhu. Izvi zvinonyanyo tangira nekuvatariri. Mumwe mutariri anenge avakutonzi mukuru kudarika umwe mune mamwe masangano. Inzwi rekuti "Bhishopu," tinobva ragadzirirwa munhu uyu. Vanobva vatanga kuita musangano nemamwe maBhishopu emamwe masangano. Makore zano adarika, maBhishopu vakatanga kugadzana pakati pavo kuzviita "maMadzimambo eBhishopu" nanaPapa.

Nokudaro, nokuda kwekutadza mudzidziso dzeTestamente Itsva, kereke yaKritsu inopinda huori.

Nokuda kwekuchinja, kwaiitwa zvino , zvakapa mukana vekutanga kwechechi yeRoman Catholic. Nekufamba kwenguva chechi iyi yakapatsanurana kwakagadzirwa pakabuda Roman neGreek Orthodox catholic chechi. Rimwe boka rakabuka rikatanga Lutheran neAnglican chechi; Episcopal-chechi. Nekufamba kwaiita makore machechi akatanga kuvabwa akaita sePresbyterian, Baptist neMethodist. Machechi aya akaramba achipatsanurana mamwe machechi mazhinji akagadzirwa. Nhasi uno tinezviuru zvemachechi akagadzirwa navanhu - vachivedzera kubva pa chechi yaIshe vedu Jesu Kritsu..

Zvainge zvakanyorwa kare nevanyori veTetsamente Itsva, kuti chechi ichasangana nehuipi uyu (2 Thesaronika 2: 1-12); 1 Timotio 4:3,4, 2 Petro 2:1-3). *" Zvino Mweya unoreva pachena, kuti panguva dzinovuya vamwe va chatsauka pakutenda, vachiterera mweya inonyengera nedzidziso dzemweya yakaipa, vachinyengerwa navanoreva nhema, vakapiswa pahana dzavo nedare rinopisa, vachidzivisa*

*vanhu kuwanana, nokuraira kuti zvimwe zvokudya zviregwe, zvakasikwa naMwari, kuti*

*zvigamuchirwe nokuvonga navanotenda, vanoziva zvokwadi. Nokuti zvose zvakasikwa naMwari zvakanaka, hakunechinhu chingafanira kurashwa, kana chichigamuchirwa nokuvonga;*

(1 Timotio 4:1-3). muApotsora Pauro anopa chenjedzo kuti vamwe vatariri vachaunza pesaniso mukureke yaIshe ( Mabasa 20:28-30). Chechi yekutanga - iyo Jesu akavaka - inorarama nhazvino. Ndiyo chechi iyo - Chechi yake - Kritsu anovedzera avo vanenge vaponeswa mairi. Chechi yaKritsu inovanikwa kwese  kwese pasi rose, vanhu varikusiya dzidziso nemachechi avanhu, vachitevedzera zvinodiwa neTetsamente Itsva chete. Hama unonamata here muchechi yekutanga, iyo Kritsu akavaka?

**WORLD EVANGELISM TRACTS**